**दिन–रविवार** **दिनांक–17.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर कहलनि अछि जे विकसित राष्ट्र बनेबाक लेल हमरा लोकनि के व्यक्तिगत क्षमता के जागृत करबा होयत। राजगीर मे आयोजित नालंदा ज्ञानकुंभ कार्यक्रम के संबोधित करैत श्री आर्लेकर कहलनि जे वर्ष दू हजार सैंतालीस धरि भारत के विकसित राष्ट्र बनेबाक लेल स्व–जागरणक आवश्यकता अछि आ एकर शुरूआत स्वदेशी वस्तु के उपयोग सँ शुरू होइत अछि। ओ कहलनि जे हमरा लोकनि के लक्ष्यक प्राप्ति लेल स्वभाषा, स्वशिक्षा, स्वसंस्कृति, स्वइतिहास, स्वपरंपरा के लऽकऽ आगा बढ़बाक होयत। एहि अवसर पर सिक्किमक पूर्व राज्यपाल गंगा प्रसाद, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी मेत आनो गनमाणन्य लोक उपस्थित छलाह।

---

विधान परिषदक तिरहुत स्नातक सीट पर पांच दिसंबर के होबयवला उपचुनाव के लेल जदयूक अभिषेक झा, आरजेडीक प्रोफेसर गोपी किशन, जनसुराजक डॉक्टर विनायक गौतम आ कतेको निर्दलीय उम्मीदवार नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि अछि। उन्नैस नवंबर के नामांकन पत्रक जांच होयत जखनकि एक्कैस नवंबर धरि नाम वापस लेल जा सकत। प्राप्त जनतबक अनुसार नामांकन दाखिल कऽ चुकल निर्दलीय उम्मीदवार राजेश कुमार रौशनक ह्रदय गति रूकि गेला सँ निधन भऽ गेलनि। एहि कारणे निर्वाचन क्षेत्र मे शोकक माहौल बनि गेल अछि।

---

प्रदेश मे पैक्स चुनावक तेसर चरण लेल नामांकनक प्रक्रिया आइ समाप्त भऽ गेल। काल्हि नामांकन पत्रक जांच होयत आ बाइस नवंबर धरि अभ्यर्थी अपन नाम वापस लऽ सकताह। तेसर चरणक मतदान उनतीस नवंबर के होयत। ओतहि, चारिम चरण मे एक दिसंबर के होबयवला मतदान लेल आइ सँ नामांकन प्रक्रिया शुरू भऽ गेल।

———————————————

प्रदेशक विभिन्न भाग मे आइ सँ एक्कैस नवंबर धरि चलयवला पोलिया टीकाकरण अभियान शुरू भऽ गेल। स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि अछि जे हमर देश पोलियो मुक्त राष्ट्र घोषित भऽ चुकल अछि, मुदा पड़ोसी देश सँ पोलियो वायरसक संक्रमण जारी अछि। एहि कारणे एहि अभियान पर जोर देल जा रहल अछि। अभियानक अंतर्गत पांच बर्षक नेना सभ के पोलियोक दवाई पीयाओल जा रहल अछि। पटनाक जिलाधिकारी डॉक्टर चंद्रशेखर सिंह न्यू गार्डिनर अस्पताल मे बच्चा सभ के पोलियोक खोराक पीया कऽ अभियानक शुभारंभ कयलनि। दरभंगा, मधुबनी, समस्तीपुर, सहरसा समेत आनो–आन जिला मे कार्यक्रमक शुभारंभ भेल।

———————————————

मद्य निषेध मंत्री रत्नेश सादा कहलनि अछि जे सीवान मे माहुरयुक्त शराब सँ भेल मृत्युक मामिला मे दोषी सभक विरूद्ध कठोर कार्रवाई कयल जायत। श्री सादा कहलनि जे एहि मामिलाक सभ आरोपीक गिरफ्तारी लेल प्रयास कयल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे राज्य मे शराबबंदी पूर्णरूपेण लागू अछि आ लोक के एकर लाभ भेटि रहल अछि।

———————————————

पूर्वोत्तर रेलवेक चौरा–चौरी बाजार– बैतालपुर स्टेशनक मध्य ऑटोमेटिक सिंग्नलिंग चालू करबाक हेतु एनआइ काजक कारणे गोरखपुर पाटलीपुत्र एक्सप्रेस आ नरकटियागंज–गोरखपुर कैन्ट ट्रेन सहित पांच ट्रेनक परिचालन रद्द कऽ देल गेल अछि। एकर अतिरिक्त आनो ट्रेन के परिवर्तित मार्ग सँ चलाओल जा रहल अछि।

———————————————

शिक्षा विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस सिद्धार्थ कहलनि अछि जे स्कूल संचालन अवधि मे बच्चा के कोचिंग जयबा पर पूर्णरूपेण रोक अछि। ओ कहलनि जे स्कूलक पठन–पाठनक समय नामांकित बच्चा के कोचिंग मे पाओल जयबा पर स्कूलक विरूद्ध कार्रवाई कयल जायत।

———————————————

उत्तर –पश्चिम हवाक प्रवाहक कारणे प्रदेशक विभिन्न भाग मे न्यूनतम आ अधिकतम तापमान मे कमी सँ ठंडा लागब शुरू भऽ गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे नेपालक तराईवला क्षेत्र सँ सटल उत्तर बिहारक अधिकांश

भाग मे सवेर मे घनगर कुहेस लागल रहल। दृश्यताक स्तर कम हेबाक कारणे सड़क रेल आ हवाई यातायात पर सेहो असरि पड़ल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला दू दिन धरि पश्चिम चंपारण आ पूर्वी चंपारण समेत प्रदेशक उत्तर पश्चिम आ उत्तर मध्य भाग मे कतेको ठाम घनगर कुहेस लागल रहत। एहि कारणे ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। प्रदेशक आनो भाग मे घनगर कुहेस लगबाक संभावना बनल अछि।

———————————————

श्राजगीर मे खेलल जा रहल एशियाई चैंपियंस ट्रॉफी हॉकी प्रतियोगिता मे आइ भारत अपन अंतिम ग्रुप मोकाबिला मे जापान के तीन शून्य से हरा देलक।

———————————————

बेगूसराय टॉउनशीप स्थित जुबली हॉल मे आइ स्वर कोकिला शारदा सिन्हा के श्रद्धांजलि देल गेल।

मधुबनी जिलाक जयनगर थाना परिसर मे आइ नवनिर्मित झंडोतोलन मंचक उद्‌घाटन पुलिस अधीक्षक सुशील कुमार कयलनि।

———————————————

समाप्त